MAKTABGACHA VA MAKTAB TA'LIMI VAZIRLIGI

PEDAGOGIK MAHORAT VA XALQARO BAHOLASH ILMIY-AMALIY MARKAZI

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MEKTEPKE SHEKEMGI HÁM MEKTEP BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
PEDAGOGIKALÍQ SHEBERLIK HÁM XALÍQARALÍQ BAHALAW ILIMIY-ÁMELIY ORAYÍ

2023
2024

OQÍW JÍLÍNDA QÁNIGELESTIRILGEN MEKTEPLERDIŃ 11-KLASS OQÍWSHÍLARÍ USHÍN

# ANA TILI HÁM ÁDEBIYATÍ

PÁNINEN JUWMAQLAWSHÍ ATTESTACIYASÍN ÓTKERIW BOYÍNSHA METODIKALÍQ USÍNÍS HÁM MATERIALLAR



## ANA TILI HÁM ÁDEBIYATÍ PÁNINEN ULÍWMA BILIM BERIW MEKTEPLERINIŃ PITKERIWSHILERI USHÍN JUWMAQLAWSHÍ MÁMLEKETLIK ATTESTACIYA IMTIXANÍ JAZBA JUMÍSÍ TEMALARÍNÍŃ SPECIFIKACIYASÍ

**Dúziwshi:** ***Xurlixan Abdijabbarova*** **–** *Nókis PM joqarı kategoriyalı muǵallimi.*

**Pikir bildiriwshi:**

Ulıwma orta bilimlendiriw mákemelerinde bilim alıp atırǵan 11-klass oqıwshıları arasında juwmaqlawshı attestaciya ushın shıǵarma jumısın alıw usınıs etilmekte. Imtixanda shıǵarma jumısın tańlawdan maqset oqıwshılarda logikalıq, dóretiwshilik (kreativ) pikirlew kónlikpelerin rawajlandırıwdan, sonday-aq, pitkeriwshilerdiń ana tili hám ádebiyatı páninen bilim dárejesin anıqlaw ushın qollanılatuǵın shıǵarma temaları quramın hám oǵan qoyılatuǵın talaplardı belgilewden ibarat. Bul hújjetke approbaciyalar nátiyjesinde qosımshalar, ózgerisler hám dúzetiwler kiritiliwi múmkin.

11-klastı pitkergen oqıwshılar ana tili hám ádebiyatı páninen oqıw baǵdarlaması boyınsha belgili dárejedegi kompetenciyalarǵa iye boladı. Oqıwshılardıń alǵan bilim, kónlikpe hám uqıplılıqların anıqlaw ushın 2023-2024-oqıw jılında 11-klaslarda juwmaqlawshı imtixan jazba (shıǵarma jumısı) túrde ótkeriledi.

Shıǵarma jumısınıń hárbir temasına ulıwma bilim beriw mektepleriniń 5-11-klaslarında ana tili hám ádebiyatı páni boyınsha ótilgen temalar qamtıp alınǵan.

Shıǵarma jumısın jazıwdıń taǵı bir áhmiyetli tárepi, pitkeriwshilerdiń ana tili hám ádebiyatı pánlerinen alǵan bilimleri bekkemlenedi, dóretiwshilik, sóz baylıǵınan paydalana alıw uqıplılıǵı artadı, óz kózqarasın logikalıq izbe-izlikte jetkerip beriw tájiriybesine iye boladı.

Jazba jumısı 3 variantta dúzilgen bolıp, hárbir variantta 3 shıǵarma teması berilgen. Sonnan ekewi ádebiyat páninen Mámleketlik bilimlendiriw standartı hám oqıw baǵdarlamasındaǵı temalar boyınsha, birewi erkin temada tayarlandı.

Jazba jumıs ushın oqıwshıǵa jámi 3 akademiyalıq saat (shıǵarma jazıw, qáteler ústinde islew hám qosımshalar kiritiw ushın) waqıt beriledi.

### Jazba jumıstı bahalaw ólshemi

Oqıwshılardıń jazba jumısları ana tili hám ádebiyat páni ushın 100 ballıq sistemada tómendegishe bahalanadı:

- **0 – 29% – "qanaatlandırarsız";**
- **30–65% – "qanaatlandırarlı";**
- **66–85% – "jaqsı";**
- **86–100% – "ayrıqsha"**

| 11-klass pitkeriwshileri ushın ana tili hám ádebiyatı páninen bilim beriwshilik maqsetler | |
|---|---|
| Grammatikaǵa baylanıslı ózlestirilgen normalar: | qaraqalpaq ádebiy tili normaları múmkinshilikleri menen tanıs bolıwı |
| | til stilleriniń múmkinshiliklerinen xabardar bolıwı; |
| | awızeki hám jazba pikirlewde sóz túrlewshi hám sóz jasawshı hám forma jasawshı qosımtalardı orınlı qollana alıw; |
| | sinonimiyalıq hám stillik múmkinshiliklerinen durıs paydalana alıw; |
| | gáp dúziw talaplarına ámel etiw, gáp aǵzaların, sóz shaqapların, atawısh sózler hám sóz dizbeklerin orınlı paydalana alıw; |
| | gáptiń mazmunına qaray túrlerinen, kiris sóz, birgelkili gáp aǵzalar, ayırımlanǵan aǵzalar hám qospa gáptiń túrlerinen durıs hám orınlı paydalanıwı; |
| | Sapa kórsetkishleri — teksttegi gáplerdiń mazmunı jaǵınan óz ara baylanısı, temaǵa baylanıslılıǵı, irkilis belgileriniń durıs qoyılıwı, teksttegi abzaclardıń saqlanıwı hám pikirdiń izbe-izligin támiyinlew, troplardan ónimli paydalana alıwı. |
| Ádebiyat | klassikalıq ádebiyat janrları menen zamanagóy ádebiyat janrların ajırata alıw |
| | berilgen hárqanday temada jazba túrde erkin piker júrite alıw |
| | oqıǵan shıǵarmasınan alǵan tásirlerin ayqın súwretlep beriw |
| | basqalardıń tuǵı-sezimleri haqqında piker júrite alıw |
| | hár qıylı temalarda shıǵarma jaza alıw |
| | úyrenilgen dóretiwshi tulǵalar tábiyatına tán bolǵan pazıyletlerdi bahalay alıw |
| | ádebiy qaharmanlardıń is-háreketlerine óz múnásibetin bildire alıw hám onı tiykarlap bere alıw |
| | joqarı talǵamlı hám ruwxıy jetik ádebiy qaharmanlardıń pazıyletlerin ashıp bere alıw |
| | muzıka yaki súwretlew óneri tiykaırndaǵı kórkem estetikanı seze alıw hám onı sóz benen jetkerip beriw |
| | úyrenilgen kórkem shıǵarmalarda súwretlengen tımsallardıń ózgesheligin túsinip, olarǵa múnásibet bildire alıw |
| | úyrenilgen kórkem shıǵarmalardaǵı ódebiy qaharmanlardıń ózine tán ayrıqshalıqları haqqında erkin piker bildire alıw |
| | ádebiy -tariyxıy dáwirlerge hám kórkem sóz sheberleriniń dóretiwshiliklerin durıs baha bere alıw |
| | |

## SHÍǴARMA JUMÍSÍN BAHALAW ÓLSHEMI

| Bahalaw indikatorları | Eń joqarı ball | Qáteler sanı | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 1-2 | 3-4 | 5-6 | 7-8 |
| **Imlalıq qáteler** | **15 ball** | 13-14 ball | 11-12 ball | 9-10 ball | 8-7 ball |
| **Uslublıq qáteler** | **15 ball** | 13-14 ball | 11-12 ball | 9-10 ball | 8-7 ball |
| **Irkilis belgisindegi qáteler** | **10 ball** | 9-10 ball | 7-8 ball | 5-6 ball | 3-2 ball |
| **Mazmunı** | **50 ball** | | | | |
| Shıǵarma jumısına say epigraf tańlay alıwı hám joba dúze alǵanlıǵı; shıǵarma joba tiykarında joba menen tolıq sáykes kelse, izbe-izlik penen ashıp berilgen bolsa; bayanlaw usılında sóz baylıǵınıń keńligi, sózlerdi óz ornında qollana biliwi, gáp dúzilisi durıs dúzilgenligi, jumısta milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlar tiykarında tariyxıy, ádebiy-kórkem, publictikalıq hám danalıq sózler, naqıl-maqal hám statistikalıq maǵlıwmatlardan orınlı paydalanǵan hám keltirgen mısalları tiykarlı bolsa; kórkemlew quralları qaharmanlarǵa sıpatlama berilgen bolıp, tema ádebiy til normalarına ámel qılınǵan, tema mazmunı házirgi dáwir menen baylanısqan hám juwmaqlanǵan bolsa. | 50-45 ball | | | | |
| Shıǵarma jumısına say epigraf tańlay alıwı hám joba dúze alǵanlıǵı; shıǵarma joba tiykarında joba menen tolıq sáykes kelse, izbe-izlik penen ashıp berilgen bolsa; bayanlaw usılında sóz baylıǵınıń keńligi, sózlerdi óz ornında qollana biliwi, gáp dúzilisi durıs dúzilgenligi, jumısta milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlar tiykarında tariyxıy, ádebiy- kórkem, publictikalıq hám danalıq sózler, naqıl-maqal hám statistikalıq maǵlıwmatlardan orınlı paydalanǵan hám keltirgen mısalları tiykarlı bolsa; kórkemlew quralları qaharmanlarǵa sıpatlama berilgen bolıp, tema ádebiy til normalarına ámel qılınǵan, tema mazmunı házirgi dáwir menen baylanısqan bolsa, biraq juwmaq bere almaǵan bolsa. | 44-39 ball | | | | |
| Shıǵarma jumısına say joba dúziwde izbe-izlik saqlanbaǵan bolsa, jobaǵa say ashıp beriwde izbe-izlik buzılǵ an bolsa, sóz bayli ǵı hám bayanlawda jarlılıq sezilip tursa; jumısta milliy hám ulıwma insanıylıq | 38-30 ball | | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| qádiriyatlar tiykarında tariyxıy, ádebiy-kórkem, publictikalıq hám danalıq sózler, naqıl-maqal hám statistikalıq maǵlıwmatlardan durıs sińdirilmegen bolsa, | | | | | |
| Teksttiń mazmunı jobaǵa sáykes kelmese, shıǵarma jumısın jazıwda temadan shetke shıqqan bolsa, shablon túrinde berilgen bolıp, faktlerde qátelikler bolsa, pikirdi jetkerip beriwde hám sózlerdi qollanıwda kemshilik bolsa, pikirlerdiń bir-biri menen baylanısı bolmasa, sóz baylıǵı sayız bolsa | 29-20 ball | | | | |
| Shıǵarma jumısına joba sáykes emes bolsa, oqıwshı temanı túsinbegen bolsa, pikirdi bayan etiwde pikirlerdiń bir-biri menen baylanısı bolmasa, sóz baylıǵı sayız bolsa | 19-10 | | | | |
| **Qoltańbası** | **6 ball** | | | | |
| Qoltańbası sulıw, hárip elementleri anıq, durıs jazılǵan bolsa | 6-4 ball | | | | |
| Qoltańbası biraz anıq emes, hárip elementlerinde kemshilik bolsa | 3-1 ball | | | | |
| **Taza jazıw (boyamay, shıjbaylamay jazıw)** | **4 ball** | | | | |
| JÁMI: | 100 ball | | | | |

**Shıǵarma jumısı ushın temalar:**

## I VARIANT

1. Berdaq Ǵarǵabay ulınıń tariyxıy shıǵarmaları.
2. T.Qayıpbergenov dóretiwshiliginiń qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornı
3. Real hám virtual qarım-qatnas: olardıń ayırmashılıǵı hám artıqmashılıǵı.

## II VARIANT

1. Ájiniyaz Qosıbay ulınıń dóretiwshiliginiń qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornı.
2. I.Yusupovtıń dóretiwshiliginde Watan teması.
3. Jası úlkenlerdiń tájiriybesi házirgi zaman jasları ushın qanshelli áhmyetli?

## III VARIANT

1. “Avesto” – zardushtiylik táliymatınıń muqaddes kitabı.
2. “Qırq qız” dástanıń basqa dástanlardan ayrıqshalıǵı.
3. Zamanagóy qolaylılıqlar, jaratılǵan múmkinshiliklerdiń insaniyat ushın qáwipi.